

NEW YORK CITY

COMMISSION ON
HUMAN RIGHTS

AN KREYÒL



MICHAEL R. BLOOMBERG, MAJISTRA
PATRICIA L. GATLING, KOMISÈ/PREZIDANT

NEW YORK CITY

COMMISSION ON
HUMAN RIGHTS

DISKRIMINASYON ILEGAL NAN VIL NOUYÒK

LWA SOU DWA MOUN NAN VIL NOUYÒK se youn nan lwa sou dwa sivik ki pi konplè nan tout peyi a. Lwa a entèdi diskriminasyon nan travay, lojman ak akomodman piblik ki baze sou ras, koulè, laj, kwayans, nasyonalite, si w etranje ou sitwayen, sèks ou (tankou idantifye sèks oubyen asèlman seksyèl), oryantasyon seksyèl, andikap, si w marye ak si w genyen yon konpay. An plis, Lwa a mete pwoteksyon kont diskriminasyon nan travay ki baze sou dosye arestasyon ak kondanasyon, ak lè w nan pozisyon viktim vyolans domestik, moun kap swiv ou ilegalman, ak asèlman seksyèl. Nan lojman, Lwa a mete plis pwoteksyon toujou selon okipasyon legal, eta fanmi, ak sous revni legal. Lwa sou Dwa Moun Vil lan entèdi vanjans ak agresyon ki baze sou diskriminasyon tou.



Tab Matyè

Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk —

Nan Yon Langaj Klè

3

Travay

3

Akomodman Rezonab pou Moun ki andikape —
nan Plas Travay la

3

Jou Relijye Obsève

4

Asèlman Seksyèl

4

Vanjans

5

Lojman

5

Akomodman Rezonab pou Moun ki andikape —
nan Lojman

5

Piblisite

6

Prensip Prete

6

Akomodman Piblik

7

Askè a Akomodman Piblik
pou Moun ki Andikape

7

Kliyan

8

Agresyon ki Baze sou Diskriminasyon

8

Jan pou Pote Yon Plent

8

Tretman Plent lan

9

Medyasyon

9

Investigasyon

9

Pwosès Odyans lan

9

Remedi

10

Relasyon Kominotè

11

Dwa Travay Pou Imigran

11

Pwogram Lekòl

11

Aksè Egal

12

Lojman Jis ak Prensip

Diskriminasyon nan Prete

13

Fòmasyon

13

Jan Pou Kontakte Biwo Santral ak Sant Sèvis Kominote an

14



Vil Nouyòk se Kapital Lemonn. Rezidan nou yo sòti nan konbyen santèn peyi ak tout kalite ekspeyrans lavi. Sepandan, lè diskriminasyon parèt, li menase inite nou ak lespri nou. Li ilegal epi nou pap tolere li.

Lwa sou Dwa Moun nou an se youn nan sa ki pi solid nan peyi an epi li pwoteje Nouyòkè kont dikriminasyon nan travay, lojman, ak akomodman piblik. Komisyon sou Dwa Moun nan bay la polis bourad pou fè respèkte Lwa sa a ak bay moun ki bezwen èd nou yo pwoteksyon.

Komisyon an prepare ti livrè sa a ak enfòmasyon ki dekri dispozisyon Lwa a pou ou kapab aprann sou dwa ou ak kisa ou dwe fè si ou vin yon viktim diskriminasyon. Ak plis tolerans ak bon konprann, nou pa fè kominote nou yo vin pi fò.

Michael R. Bloomberg, Magistra



Mwen envite ou li tout ti livrè sa a pou ou ka familiarize ou ak youn nan lwa dwa sivik ki pi sevè nan peyi an, Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk lan.

Kòm ansyen pwokirè pandan plis pase disèt an ak yon timoun ki te elve nan sid pandan epòk dwa sivik lan. Mwen konnen pa eksperyans enpòtans batay kont diskriminasyon an. Diskriminasyon pa gen plas li nan Vil sa a. Ni Majistra Bloomberg, ni mwen menm angaje a aplikasyon sevè Lwa sou Dwa Moun. Nou genyen menm angajman sa a pou ankouraje amoni ant ras ak nasyonalite yo ki nan divès kominote nou yo.

Mwen rekonesan de Majistra Bloomberg pou opòtinite li ban mwen kòm Komisè, ki ap defann Dwa Moun pou moun ki abite nan Vil Yòk yo ak vizitè li yo.

Patricia Gatling, Komisè

LWA SOU DWA MOUN VIL NOUYÒK NAN YON LANGAJ KLÈ

Feyè sa a se yon rezime de Lwa sou Dwa Moun Vil Nouyòk ak sèvis Komisyon sou Dwa Moun ofri. Li sipoze yon gid pou ede ou konprann jiridiksyon lwa a kouvri ak ki gwoup egzakteman Lwa sa a pwoteje. Li pa sipoze yon gid legal konplè oubyen ofri konsèy legal. Pou ou ka li tout Lwa sou Dwa Moun nan nèt, ale sou Tit 8 nan Kòd Administratif Vil Nouyòk lan anliy nan www.nyc.gov/cchr. An plis, ou ka rele 311 ou biwo prensipal lan nan (212) 306-7450 kote yon avoka kap travay la oubyen yon envestigatè ap ede ou ak ka ou an an patikilye.

TRAVAY

Yon konpayi dwe genyen kat oubyen plis moun kap travay pou aplwaye li yo jwenn pwoteksyon Lwa sou Dwa Moun Vil lan. Lwa a entèdi diskriminasyon lè yap anplwaye ak revoke avèk bay travay pou fè, salè, benefi s, pwomosyon, evalyasyon travay, ak disiplin ki baze sou ras, koulè, kwayans, laj, nasyonalitye, si w etranje ou sitwayen, sèks ou (tankou idantifye sèks oubyen asèlman seksyèl), oryantasyon seksyèl, andikap, dosye arestasyon ak kondanasyon, si w marye, genyen yon konpay oubyen si w nan pozisyon viktim vyolans domestik, moun kap swiv ou ilegalman, ak asèlman seksyèl. Deklarasyon, ak

kesyon yo poze pandan entèvyou oubyen anons travay ki sijere preferans pou oubyen prejije kont anplwaye moun selon gwoup ki sot mansyone yo kapab prèk ke anplwayè ou ap fè diskriminasyon. Lwa a pou ajans travay ak òganizasyon travay tou.

Akomodman Rezonab pou Moun Ki andikape nan Plas Travay la

Si ou genyen yon andikap, anplwayè ou oblije fè adaptasyon rezonab pou ou ka fè ak fi ni sa yo egzije de ou nan travay ou. Lwa sou Dwa Moun Vil lan defi ni yon andikap tankou nenpòt enkapasite fi zik, medikal, mantal oubyen psikolojik, oubyen yon pase oubyen yon dosye ki genyen yon enkapasite. Yon adaptasyon rezonab se youn ki pap lakòz twòp difi kilte nan operasyon biznis anplwayè an.

Se responsablite ou kòm yon anplwaye ki genyen yon andikap pou ou enfòm anplwayè ou ke ou bezwen yon adaptasyon. Anplwayè ou gendwa mande ou yon dokimantasyon doktè ou ekri pou soutni demann ou an.

Si ou ap aplike pou yon djòb epi ou genyen yon andikap, anplwayè posib ou an gendwa pa mande ou de egzistans, nati, ak nivo andikap la sevè, menmsi yo ka mande ou kapasite ou pou ou fè yon fonksyon travay an patikilye. Anplwayè an ka pa mande anyen sou sante ou oubyen fè yon egzamen medikal pou ou menm, aplikan an, avan yo



Yon Avoka nan Biwo Polis Komisè an ap pale ak yon moun ki ap pote plent avan li fè yon plent fòmèl.

ofri ou travay lan. Egzamen medikal anplwaye dwe gen rapò avèk travay epi dwe konsistan ak bezwen biznis anplwaye an.

Kèk egzanp yon adaptasyon rezonab se tankou:

- Fè etablisman nan travay lan aksesib ak fonksyonèl pou yon anplwaye ki genyen yon andikap;
- Restriktire travay lan;
- Modifye orè travay la;
- Renome li nan yon pòs ki pa gen moun;
- Achte ou chanje ekipman ou aparèy;
- Adapte ou modifye egzamen, materyèl fòmasyon, ou règ;
- Founi lektè ak entèprèt ki kalifye.

Anplwaye yo pa oblije bese kalite ak kantite standa yo pou fè yon adaptasyon epi yo pa oblije ba ou

atik pèsònèl tankou linèt ak aparèy pou ede ou tande pi byen.

Jou Relijye Obsève

Selon lalwa, anplwaye yo dwe fe akomodman rezonab pou bezwen relijye anplwaye ak aplikan travay yo, tankou respè pou Saba ak lòt jou sakre. Nòmalman pwoblèm akomodman konn rive lè prensip relijye yon anplwaye pa koresponn ak jou li gen pou l travay. Si ou pran yon jou konje pou rezon relijye, anplwaye an pa genyen pou li peye ou pou tan konje ou pran an.

Asèlman Seksyèl

Asèlman Seksyèl se yon fòm diskriminasyon akòz de sèks moun nan. Pawòl oubyen konpòtman fi zik ou pa aksepté ki gen rapò a sèks vin yon asèlman seksyèl ilegal lè:

- Yo itilize sèks pou deside si wap jwenn travay la oubyen yo egzije li pou ou kenbe travay ou;
- Konpòtman an fè ou pa ka fè travay ou byen, oubyen kreye yon anviwonman travay kote yo entimide, agrese oubyen ofanse ou.

Moun ki komèt agresyon an ak moun li ap agrese an kapab ni fi ni gason. Agresyon an kapab vèbal, fi zik, oubyen fèt ak foto epi li kapab tankou: komantè seksyèl, blag, sijesyon endirèk, presyon pou sòti ansanm, touche, jès seksyèl, ak grafi ti seksyèl. Moun ki ap pote plent lan pa oblije moun yo ap fè

konpòtman ofansif avèk li an, men li gendwa nenpòt moun konpòtman an afekte.

Si ou kwè ou se yon viktim asèlmanseksyèl, ou dwe kominike klè ak moun ki ap agrese ou an pou di li ke ou pa apresye konpòtman li. An plis ou dwe enfòmè patwon ou oubyen ofi sye opotinite egal pou travay lan tou swit.

Vanjans

Li kont la Lwa pou anplwayè ou pran vanjans kont ou paske ou te kont yon prensip diskriminasyon ilegal oubyen te akize, temwaye, asiste, oubyen patisipe nan yon ankèt, pwosè ou odyans. La Lwa pwoteje ou kont vanjans depi ou gen yon bon kwayans rezonab ke konpòtman anplwayè an ilegal, menmsi nou vin rann kont ke ou te twonpe ou konsènan si konpòtman anplwayè an te legal.

LOJMAN

Lwa sou Dwa Moun Vil lan pwoteje rezidan nan pifò kalite lojman nan vil Nouyòk kont diskriminasyon. Si ou rezide nan yon imèb apatman oubyen yon kote ki anpil fanmi abite, koperatif, kondò, kay asistans piblik, oubyen otèl rezidansyèl ou kouvri anba Lwa a. Men Lwa a pa pou rezidan kay pou de fanmi yo si mèt kay la oubyen yon manm nan fanmi li abite nan youn nan fasilite kay yo epi yo pat fè piblisite pou

akomode kay ki te disponib lan. Moun ki ap lwe yon chanm nan apatman ou kay yo pa kouvwi anba Lwa a.

Li ilegal pou pwopriyete, konsyèj, responsab imèb, mèt kondò, avèkk mèt ak manm konsèy administrasyon koperatif fè diskriminasyon lè yap vann, lwe ou bay kontra yon lojman akomodman oubyen nan sèvis ak etablisman akòz de ras, nasyonalite, sèks(tankou idantifye sèks), andikap, oryantasyon seksyèl, kwayans, si li etranje ou sitwayen, laj, okipasyon legal, sous revni legal, oubyen paske timoun pral oubyen kapab abite ak moun nan.

Akomodman Rezonab pou Moun ki Andikap nan Lojman

Lwa sou Dwa Moun Vil lan pwoteje dwa moun andikape ki bezwen pou pwopriyete, koperatif ak kondò yo fè adaptasyon rezonab a bezwen lokatè, aksyonè nan asosiyasyon an, oubyen pwopriyete yo ki andikape.



Moun ki lwe kay gendwa egzamine aplikan yo men li pa kapab enfi iyanse selon ras, nasyonalite oubyen lòt bagay ki pwoteje yo.

Adaptasyon rezonab gendwa nan strikti an, tankou yon ranp nan antrans prensipal lan pou chèz woulant ka pase, oubyen mete ba moun ka kenbe nan twalèt lan. An plis yo gendwa chanjman nan kontra ak règ yo, tankou kite yon lokatè ki avèg oubyen genyen yon pwoblèm psikolojik genyen yon chyen gid oubyen yon bèt pou akonpanye li, malgre règ “nou pa askepte bèt” yon imèb. Lwa a bay gid kòman pou ou fè demann pou yon adaptasyon rezonab, konsidere nati ak pri adaptasyon pwopoze an ak resous fi nans pwopriyetè an.

An plis Lwa sou Dwa Moun Vil lan egzije moun ki lwe kay yo peye pou yon adaptasyon si yo twouve li rezonab.

Si ou genyen yon andikap epi ou bezwen yon adaptasyon, ou dwe enfòme mèt kay la ak idantifye kalite adaptasyon ou bezwen an. Ou kapab bezwen bay pwopriyetè an yon nòt doktè ou oubyen lòt pwofesyonèl nan domèn sante ki di ke ou genyen yon andikap epi ki dekri limitasyon ou genyen andikap sa ba ou pou ou fonksyone. Ou pa bezwen bay pwopriyetè an dosye medikal ou.

Piblisite

Piblisite ki fè diskriminasyon kont nenpòt nan gwoup ki pwoteje yon kont Lalwa. An plis, depi li gen rapò a achte, lwe, ou kontra pou yon akomodman lojman, li ilegal pou itilize nenpòt fòm aplikasyon



Yon ka yo te prezante devan Komisyon an te fè yon enstale yon ranp pou yon lokatè.

ki poze okenn kesyon ki fè diskriminasyon kont gwoup ki pwoteje yo.

Prensip Prete

konpayi “trust”, bank prive, kès epay, asosiyasyon epay ak prete lajan, koperativ kredi, konpayi envestisman, konpayi mortgage (kredi pou achte pwopriyete), konpayi asirans oubyen nenpòt lòt enstitisyon fi nansye oubyen moun ki ap prete fè diskriminasyon nan prensip prete yo lè ou aplike pou prete lajan, mortgage, oubyen nenpòt lòt asistans fi nansye pou konstrikson, reparasyon ouben pran swen pwopriyete ou. Epi tou li kont Lalwa pou entistisyon pratike “redline”, prensip kote yo refi ze fi nansye pwopriyete nan sèten kominote.

AKOMODMAN PIBLIK

Yo konsidere nenpòt moun ki ofri pwodwi oubyen sèvis pou piblik la yon akomodman piblik. Li kont Lalwa pou yon akomodman piblik kenbe oubyen refi ze pwodwi oubyen sèvis yo selon ras, koulè, kwayans, laj, nasyonalite, si w etranje ou sitwayen, sèks ou (tankou idantifye sèks ou) oryantasyon seksyèl, andikap, si w marye oubyen genyen yon konpay; chaje yon pri diferan pou menm pwodwi oubyen sèvis lan; mete règ ki pa toujou menm pou jan ou dwe jwenn pwodwi ak sèvis yo; dekouraje yon seri de moun pou pa itilize yo; oubyen fè piblikasyon oubyen deklarasyon ki fè ou santi yo pap akeyi ou la. Tanpri note gen genyen limit sou lwa sa a ki baze sou sèks ak laj.

Kèk egzanp akomodman sèvis piblik se boutik, bank, kay doktè ak dantis, ajans leta, estidyo

bote, klèb moun al fè spò, lopital, otèl, bibliyotèk, teyat, rèstoran, lekòl ak taksi.

Askè a akomodman Piblik pou Moun avèk Andikap

Anpil moun avèk andikap gendwa bezwen akomodman rezonab pou yo kapab antre nan oubyen itilize yon akomodman piblik endepandan ak san danje. Lwa Sou Dwa Moun Vil lan egzije moun ki ofri sèvis akomodman piblik yo fe efò rezonab pou bay aksè ak sèvis bay tout kliyan. Yon akomodman rezonab gendwa bezwen pou yon chanjman nan strikti, tankou konstwi yon ranp oubyen kapap bezwen chanje règ li yo, tankou bay espas pou gare ki aksesib oubyen kite bèt sèvis akonpanye yon moun andikape nan yon restoran.



Yon gwo bank fè chanjman nan anpil nan branch yo pou akomode moun ki andikape.



Bank sa a te enstale yon machin ki bay lajan ki aksesib a chèz woulant tou (anba foto) ak yon fenèt ba pou moun ki andikape ka pale ak reprezantan sèvis yo fasil.

KLIYAN

Li kont Lalwa pou yo refi ze yon moun aksè a yon boutik oubyen refi ze bay li sèvis selon ras, kwayans, koulè, nasyonalite, sèks (tankou idantifye sèks), andikap, oryantasyon seksyèl, si w etranje ou

sitwayen, si w marye, genyen yon konpay, ou laj ou.

Yon boutik gendwa pou li enspekte sak ou, mande ou kite sak ou bò devan pòt la oubyen pran mezi pou anpeche vòl, depi yo trete tout kilan egale.

AGRESYON KI BAZE SOU DISKRIMINASYON

Agresyon ou vyolans ki baze sou diskriminasyon se konpòtman ki pwovoke a koz de ras, koulè, kwayans, nasyonalite, sèks (tankou idantifye sèks), oryantasyon seksyèl, laj viktim nan ak si li marye ou genyen yon konpay, si li etranje ou sitwayen, epi li kont Lalwa. Kalite konpòtman ki baze sou diskriminasyon se tankou: agresyon vèbal menasan regilyèman, itilizasyon fòs, entimidasyon ak manipilasyon, oubyen defòm ou domaje pwopriye pèsònèl lòt moun.

Si ou se yon viktim agresyon ki baze sou diskriminasyon, sitou yon krim vyolan ki baze sou diskriminasyon, ou dwe repòte li tou swit bay lapolis, epitou repòte aksidan an bay Komisyon Vil sou Dwa Moun nan.

JAN POU POTE YON PLENT

Si ou kwè ke ou se te yon viktim diskriminasyon nan Vil Nouyòk, ou kapab pote yo plent ak biwo Polis Komisè sou Dwa Moun nan, ki nan 40 Rector Streeth, 10èm etaj, nan Manhattan anba.

Lalwa mande ke plent lan fèt pandan 1 an aprè denyè zak diskriminasyon ou di an.

Pou mete yon randevou, tranpri rele 311 oubyen (212) 306-7450. Si pou pa ka ale nan biwo Komisè yo, nou ap fè lòt aranjman.

Le ou al vizite Komisè sou Dwa Moun nan, ou pral rankontre ak yon Spesyalis Dwa Moun oubyen yon avoka ki ap travay la. Pou pwosesis entèvyou an ale pi vit, tanpri pote avèk ou tout enfòmasyon itil ki gen rapò a plent lan tankou non, adrès ak nimewo telefòn moun ak òganizasyon wap akize yo ak dat egzak bagay la te pase.

TRETMAN PLENT LAN

Premye etap lan se admisyon kote yon envestigatè oubyen avoka fè yon entèvyou avèk ou, moun ki ap pote plent lan. Envestigatè



Yon avoka ki travay la ap bay yon moun kap pote plent yon entèvyou pou pati admisyon an.

oubyen avoka an pral eseye rezoud sityasyon si li sa apwopriye.

Mediyasyon

Nou ankouraje tou de bò yo patisipe nan yon efò pou fè yon antant nan pwogram medyasyon Komisyon an.

Envestigasyon

Aprè ou fi n pote plent lan, yon moun san patipri kap chèche verite a – envestigatè oubyen avoka a – gendwa bay pati yo ak temwen entèvyou, revize repons defandan an ak dokimantasyon soutyen li, poze yon seri kesyon ak mande dokiman, fè vizit nan plas lan ak tès si apwopriye.

Nan fen envestigasyon an, Komisyon an pral fè yon detèminasyon “koz pwobab” oubyen “Non Koz Pwobab”.

Lè pat genyen ase prèv pou etabli ke te genyen diskriminasyon, Komisyon an pral bay yon detèminasyon “Koz pa Pwobab” epi yo ap rechte ka a.

Si moun ki pote plent lan resevwa yon detèminasyon “Koz Pwobab”, yo ap refere ka a bay Biwo Pwose Administratif ak Odyans pou yon pwosè.

Pwosès Odyans La

Si pati yo pa regle sa padan konferans avan pwosè an, ka a pral devan yon jis lwa administratif ki nan Biwo Pwosè Administratif ak Odyans lan.

TRETMAN PLENT LAN

Admisyon

Yon envestigatè oubyen yon avoka fè yon entèvyou epi eseye entèveni ak rezoud bagay la avan li pwodwi yon plent.

Plent lan Anrejistre

Biwo Rejis lan anrejistre epi bay plent lan; yo envite moun yo pou yon fè yon antant.

Envestigasyon

Envestigatè oubyen avoka an bay temwen yon entèvyou, revize dokiman yo.

Detèminasyon

Koz Pwobab : bay yon avoka tach pou fè pouswit. Non Koz Pwobab: yo rechte ka a, moun ki pote plent lan gendwa fè apèl devan Prezidan Komisyon an.

Pwosè Odyans lan

Jij lwa Administratif lan fè yon konferans avan pwosè an. Si yo pa rezoud ka a, jij lwa administratif lan fè yon odyans ak bay yon Rapò ak Rekòmandasyon.

Desizyon ak Od Final

Komisyon an bay yon Od ak Desizyon Final. Si yo pa jwenn moun koupab: yo rechte ka a. Si yo jwenn yon moun koupab: yo òdone yon solisyon.

Aprè odyans lan fi ni, jij lan ap ba yon Rapò ak Rekòmandasyon.

Yon panèl Komisè Majistra a te nome pou Komisyon Dwa Moun nan pral revize Rapò ak Rekòmandasyon jij lwa administrativ lan epi bay yon Desizyon ak Od Final.

Remedi

Komisyon an pral egzèsè pouvwa li pou bay remedi legal si li twouve defandan an te komèt dikriminasyon ilegal. Remedi sa kapab tankou egzije defandan anpou ou aplwaye, re-anplwaye, oubyen bay moun ki pote plent lan yon pwomosyon; peye moun ki pote plent lan pou kòb travay li te pèdi; bay yon akomodman rezonab pou andikap pou moun ki pote plent lan; lwe ou vann yon akomodman lojman bay moun ki pote plent lan ak/ou peye moun ki pote plent lan pou detrès emosyonel. An plis, Komisyon an genyen dwa pou òdone d efandan an pou l mete règ kont diskriminasyon oubyen patisipe nan fòmasyon. Finalman, Komisyon an gendwa mete yon penalite sivik jiska \$250,000 si Komisyon an twouve ke diskriminasyon an te fèt ak volonte oubyen te yon zak mekanste.

RELASYON KOMINOTE

Pwogram Katye Dwa Moun nan (NHRP) ede kiltive bon konprann mityèl ak respè nan anpil nan kominote nan Vil Nouyòk yo.

NHRP an genyen biwo nan Brooklyn, Bronx, Manhattan, Queens ak Staten Island. Biwo sa yo genyen responsablite pou tout departman pa yo, tankou



Yon Espesyalis Dwa Moun nan biwo departman Komisyon an vitite nan aktivite ak rankont kominote an.

idantifye zòn ki genyen tansyon ak konfl i ant gwoup, bay gwoup alyans ant diferan kilti yo soutyen, ak devlope pwogram lontèm sou jan pou dirije, divèsite kiltirèl ak fòmasyon sou sansiblité kiltirèl. Nou konsantre sou gwo domèn tankou lojman san patipri, trètman egal nan travay ak akomodman piblik, devlopman kominote ak rezolisyon konfl i, aksè egal, ak diyite moun.

NHRP an genyen anpil pwogram ki edike ak pwogram ki fè intèvansyon

sou pwoblèm ak pou popilasyon an patikilye ki dekri yo.

Dwa Travay Pou Imigran

Pwogram Dwa Travay pou Imigran Komisyon sou Dwa Moun nan ofri fòmasyon pou travayè imigran, anplwayè ak oganizasyon kap defann imigran pou pale yo de dwa yo ak responsablite yo sou

Lalwa. Pa egzanp, li ilegal pou anplwayè, pwopriyete, biznis ou sèvis trete imigran diferan paske yo kapab “parèt” oubyen “sonnen” etranj oubyen pou yo rechte bon otorizasyon travay ak domikan idantifi kasyon nan men imigran.

An plis Komisyon an genyen yon fòmasyon parèy a Angle pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) ki ofri klas alfabetizasyon granmoun.

Pwogram Lekòl


Moun ki ap travay nan Komisyon an vizite lekòl atravè vil lan epi anseye elèv nan klas 6èm a 12èm segondè twa pwogram de baz: Lwa Dwa Moun, Asèlman Seksyèl ak Rezolisyon Konfl i. Atelye rezolisyon Konfl i yo se pwogram yo mande plis epi li toujou mennen a Pwogram Fòmasyon Antant Elèv Menm Laj Komisyon an.



Anplwaye Komisyon an ap fe yon atelye nan lekòl sou Lwa sou Dwa Moun, Asèlman Seksyèl ak Rezolisyon Konfl i.

Pwogram Fòmasyon Antant Elèv Menm Laj Komisyon an prepare elèv lekòl primè ak segondè vin Entèmedyè lot elèv yo. Après elèv sa yo pral ede lòt elèv yo pou rezoud diferans avan yo vin tounen vyolans. Apwòch CRB pou montre jèn etidyan kijan pou yo entèmedyè pou etidyan parèy yo fonde nan prensip ki souliye nan Lwa Dwa Moun yo – tolerans, diyite moun, ak respè.

An plis pwogram aprè lekòl 10 semèn sa montre jèn elèv sa yo konesans ki valab pou lavi a tankou pasyans, pèsistans, tandè byen ak rezoud pwoblèm – pandan yo prezante yo altènativ a menas ak vyolans. Elèv, pwofesè, ak anplwaye ap benefi sye de eksperyans pwogram nan tou.



Elèv ap aprann kòman yo ka rezoud konfl i ant lòt elèv nan Pwogram Medyasyon Elèv Komisyon an.

Aksè Egal

LMoun avèk andikap genyen dwa pou yo patisipe tou domèn lavi, tankou lojman, akomodman piblik, travay, edikasyon ak transpòtasyon. Lwa dwa sivik federal, leta, ak vil la entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap epi ankouraje opòtinite ak aksè egal.

Pwogram Askè Egal Komisyon an bay asistans ak edikasyon sou andikap pou granmoun, kominote ak reprezantan andikap yo, sa ki founi swen sante ak dirijan kominote yo. Anpil nan imèb, boutik, ak lòt akomodman piblik Nouyòk yo pa aksesib pou moun ki andikape. Pwogram nan ede moun andikape yo twouve resous ki disponib, defann yo lè yo an afè ak pwopriyetè ak/ou konpayi ki ofri sèvis, ak ede yo al devan lajistis si entèvansyon avan plent lan pa mache.

Komisyon an te negosye avèk siksè anpil kalite modifi kasyon tankou : enstale ranp pèmanan ou pòtab nan antrans imèb, enstale asansè; trase twotwa; sistèm klòch ak sonri pou antre nan boutik, biwo, ak imèb apatman; kreye



Pwogram Aksè Egal Komisè an reponn moun endepandans yo menase paske yo detwa pye oubyen lòt baryè deyò imèb apatman yo, oubyen nan restoran, kay doktè ak lòt akomodman piblik.

twalet aksesib ak elaji koulwa nan boutik; ak deloke baryè ki bay aksè.

Lojman Jis ak Prensip Diskriminasyon nan Prete

Pwogram sa ede ranfòse prensip lojman jis nan semèn ak sesyon konsèy yo bay moun nan mortgage (kredi kay) pou edike rezidan yo (sitou kominote moun ki pa fè anpil lajan) konsènan prensip malonèt ak ilegal sa yo le moun ap prete. Prensip Prete sa yo kapab frè ak komisyon ki twò wo, defòmasyon règ ak komisyon mortgage lan, interè ki wo, plede fi nansye prè an, twòp lajan pou remèt ak fi nansman kredi asirans ki twò chè.

Komisyon an se sè ajans vil ki sètifye po bay konsèy sou lojman pa HUD, Depatman Lojman ak Devlopman Ibèn Etazini.

FOMASYON

Komisyon an bay fòmasyon nan tout domèn Lwa Dwa Moun bay gwoup kap defann dwa lòt, anplwayè, sa ki ofri akomodman lojman ak piblik, ajans leta, ak gwoup elèv gratis. Pou pran yon randevou, kontakte Sant Sèvis kominote nan deptaman ou an.

BIWO KOMISYON SITWAYEN SOU DWA MOUN YO.

KOMISYON NOUYOK SOU DWA MOUN

40 Rector Street
New York, NY 10006
www.nyc.gov/cchr

Sèvis pou refere Nouyòk
Anglè: (800) 421-1220 Panyòl: (877) 662-4886

Rele 311 pou Sèvis Gouvènman ak Sant Enfòmasyon Ki opere 24 è pa jou, 7 jou pa semèn. Nou genyen asistans disponib nan 170 lang pou moun ki rele yo.

MANHATTAN

40 Rector Street, 10^e etaj
New York, NY 10006
① ⑨ W R a Rector St.
② ③ ④ ⑤ a Wall St.

BRONX

1932 Arthur Avenue, # 203A
Bronx, NY 10457
④ a East Burnside Ave.
⑤ a East Tremont Ave.,
West Farms Square.
BX40, BX42 a Arthur Ave.

BROOKLYN

275 Livingston Street, 2^e etaj
Brooklyn, NY 11217
② ③ ④ ⑤ a Nevins St.
R M B Q a DeKalb Ave.
B37, B41, B45, B67 ak B103 a
Livingston ak Nevins Sts.
B25, B26, B38 ak B52 a Fulton ak
Bond Sts.

STATEN ISLAND

60 Bay Street, 7^e etaj
Staten Island, NY 10301
Opoze de Staten Island.
Tren de Staten Island a St. George.
S42, S46, S48, S51, S61, S62, S66, S67,
S74, S76, S78, S81, S84, S91, S92, S96,
S98 a Bay St., S40, S44, S52, S90, S94 a
Richmond Terrace.

QUEENS

153-01 Jamaica Avenue, Chanm 203
Jamaica, NY 11432
J Z E a Jamaica Center-
Parsons/Archer.
F a Parsons Blvd. ak Hillside Ave.
Q25, Q34, Q65 a Jamaica Center-
Parsons/Archer. Q6, Q8, Q9, Q41,
Q54, Q56, Q110 a Parsons Blvd. ak
Jamaica Ave.
Q30, Q31, Q44, Q83 a Jamaica Ave.
entre 153^e St. ak Parsons Blvd.
Q111, Q112, Q113 a 153^e St. ant
Jamaica Ave. ak 90^e Ave.



Mach 54 mayl de Selman a Montgomery pou Nwa kapab genyen dwa vote se yon gwo evènman nan mouvman dwa sivik lan. Komansè 21, 1965 epi dire 5 jou, mach lan te genyen 25,000 moun.

Powerful Days © 1991 pou Charles Moore ak tèks Michael S. Durham. Pibliye pa Stewart, Tabori ak Chang, New York. Itilizè ak pènisyon. Tout Dwa Rezève